

Jwenn on Tradiktè San Pèdi Tan

Sipòte Kominite'w avèk aksè sou telefòn ou, sou group tradiktè e entèprèt a distans ki pi gwo nan mond lan.



Kòmansè itilize'l gratis


1 Desann aplikasyon Tarjimly a




2 Kreye on Kont

Chwazi " mwen bezwen on tradiktè"

Verifye email ou




3 Mete tout enfòmasyon ki korèk sou pwofil ou pou ede nou jwenn sevis tradiktè ki pi bon pou ou a



4 Chwazi lang ou vle tradwi a epi chwazi tout

klike sou "Kòmansè mande"




5 Konekte avèk on tradiktè nan on chat an dirèk

Voye mesaj, mesaj vokai, ou komansè on apèl ak 3 moun



6 Lè ou fini, klike sou fini epi evalye sevis ou sot resevwa





Enfòmasyon enpòtan avan ou itilize Tarjimly

Pou ou ka genyen pi bon eksperyans lè ou ap itilize Tarjimly e pou tout enfòmasyon ou ka rete an sekirite, tanpri li nòt sa yo

Kenbe Enfòmasyon ou an sekirite

1. Pinga ou fè tradiksyon an deyò aplikasyon Tarjimly an

Lè ou pa fè entepretasyon nan sèvis tradiksyon Tarjimly yo sa ka mete ni ou ni tradiktè a nan problèm

Pa mande ni asepte lot sèvis menm si yo ta ofri ou li

Pa asepte okenn lot sèvis ke yon tradiktè ta ofriw menm si ou panse ke sa te ka itil ou

2. Pa mande entèprèt la opinyon li oswa avi pa li

Entèprèt yo sipoze rete net e yo pa sipoze pataje opinyon politik yo, yo pa sipoze bay avi ni bay opinyon pèsoneel yo

3. Kenbe tout enfòmasyon pèsoneel yo konfidansyèl

Enfòmasyon pèsoneel se tou sa yo ka itilize pou idantifye yon moun dirèkteman oswa endirèkteman tankou:

- a. Nom konplè
- b. Nimewo sekirite sosyal
- c. Adrès postal
- d. Nimewo kat indantitew
- e. Nimewo telefòn

Asire w kew prè

Avan kew mande yon tradiktè oswa yon entèprèt, chache yon kote ki kalm epi asire kew disponib, ou gen yon bon koneksyon entènèt epi batri ou gen ase chaj

Lèw kontake yon entèprèt oubyen lè ou fè yon apèl

1. Prezante tèt ou

Egzanp: "Bonjou ou Bonswa! *Non mwen se (Prenon) mwen soti (Peyi). Mwen pral (Eksplike kisa ou bezwen entèprete an). Mwen estime ke sa ap pran (Mete konbyen tan sa ap pran). Èske wap ka entèprete pou mwen? Mwen pral pale dirèk ak (Prenon kliyan*



an), epi nap pale nan premye pèson toujou pale ."

2. Pale klè epi pale lan, pran yon ti poz aprè chak fraz pou ou ka pèmèt tradiktè a pi byen tradwi pou ou.
3. Si wap eseye kominike ak yon lòt moun pandan wap itilize yon entèprèt, pale dirèkteman ak lòt moun nan.
Egzanp: "Rankontre mwen nan lopital dimanch a 5è nan aprè midi".
Olye de
"Di li pou li rankontrem nan lopital la dimanch a 5è".

Si gen lòt kesyon ekri nou nan email sa team@tarjim.ly